

Fèy enfòmasyon sou Zika

Mwa Dawout 2016

Nou ka konfime premye ka enfeksyon ak virus Zika nan peyi Etazini pandan l'ap kontinye kontamine moun nan plizyè peyi Amerik Latin ak Karayib yo. Anpil moun nan Legliz Episkopal nan peyi Etazini, Provens IX ak Ayiti ap chache konnen kijan virus sa a ka afekte jan yo fè misyon ak kondwi ministè yo.

Episcopal Relief & Development se yon òganizasyon Legliz Episkopal ki travay pou pote soulajman ak devlopman nan plizyè peyi sou planèt la. Òganizasyon an ap travay avèk divès kalite konseye pou jwenn yon repons sou menas virus Zika ka reprezante pou moun ak enstitisyon Legliz Episkopal, pi espesyalman sou kontinan Ameriken an. Gen plizyè gwoup k'ap travay ansanm: anplwaye Episcopal Relief & Development ki travay nan peyi Etazini, moun ki kowòdone aksyon lè gen dega nan dyosèz yo, ekspè nan domèn sante piblik. Gwoup sa yo te travay ansanm pou ekri kèk dokiman ki ka ede kongregasyon epikopal yo ak diferan enstitisyon ki konekte ak legliz yo, pou ba yo zouti ki ka pèmèt yo koresponn ak virus sa a.

Objektif dokiman sa a se pou ede moun konprann pi byen kisa virus Zika a ye, epi mete sou pye yon mwayen pou fè moun konnen kijan virus la transmèt ak pwopaje, kisa yon moun ki trape virus sa a riske, ak ki prekosyon moun ta dwe pran pou evite trape l.

Pwen ki pi enpòtan yo:

- **Laplipa de moun ki enfekte ak virus Zika pa montre ankenn sentòm (yo pa parèt malad)**
- **Se ti bebe ki nan vant (ti bebe ki pokò fèt) ke virus Zika mete pi an danje**
- **Fanm ansent ak fanm ki gen pwojè vin ansent ta dwe evite vwayaje nan peyi kote Zika popilè; yo ta dwe sèvi ak kapòt lè yo pral nan relasyon ak yon gason menm jan ak yon fanm yo sisplèk ki ka enfekte ak Zika**
- **Apa de fanm ansent (oswa sa ki gen pwojè vin ansent), pa gen rezon pou anile anken aktivite tankou kan vakans ete ki te prevwa fèt nan peyi Etazini, ni vwayaj misyonè nan lòt peyi (entènasyonal) depi yo pran prekosyon ki prevwa kont piki moustik.**

Yon ti kozman sou Zika:

- **Laplipa de moun ki enfekte ak Zika pa parèt malad;** moun ki rive malad yo ka gen lafyèv ak kò grata pandan 7 a 10 jou. Maladi a trete ak repo epi anpil likid.

- **Se ti bebe nan vant ki poko fin fòme ki pi menase pa virus Zika a**, poutèt sa moun ki bezwen pran plis prekosyon yo se fanm ansent ak fanm ki gen pwojè vin ansent nan pa lontan. Papa pitit fanm sa yo dwe pran anpil prekosyon tou pou yo pa nan relasyon ak ankenn moun ki ka déjà kontamine.
- **Prevansyon nòmal kont piki moustik** (mete rad manch long pou pwoteje po nou kont piki moustik, sèvi ak pwodi ki repouse moustik, enstale moustikè oswa til nan fenèt ak pòt pou moustik pa ka antre nan kay, pa kite ankenn ma dlo poze) va pwoteje nou kont virus Zika ak lòt kalite maladi ke moustik transmèt tankou Virus Nil Oksidantal.
- **Fanm kou Gason ki enfekte ka bay fanm yo maladi a nan relasyon seksyèl**, Kit li te avan, pandan oswa apre yon gason ta sanble li malad, (nou toujou ap mennen envestigasyon pou konnen pou konbyen tan) gason dwe mete kapòt, oswa se pa pou yo antre nan relasyon seksyèl ak madanm yo pou evite transmèt maladi a. Kounye a nou jwenn prèv ke se pa gason sèlman ki ka transmèt Zika. Zika ka transmèt nan relasyon fanm gason, gason ak gason jan nou te pale de sa déjà nan premye dokiman ki te fèt yo.
- Tankou anpil lòt maladi, Zika ka lakòz **konplikasyon ki pi serye sou moun ki déjà gen pwoblèm nan sistèm iminitè yo**, moun malad sa yo dwe pran plis prekosyon pou evite Zika ak tout lòt maladi ke moustik transmèt.

Menmsi gen anpil kote nan Amerik Latin lan ak Karayib yo ke virus Zika a gentan aktif déjà, pa gen anpil chans pou Zika a ta gaye nan peyi Etazini paske:

- Virus la gen **pouvwa transmèt nan yon tan ki piti** anpil
- Se yon **ti pati tou piti sèlman** nan popilasyon an ki enfekte
- Gen yon **pwogram solid pou kontwole moustik** nan peyi Etazini

Fanm ansent yo ta dwe konsidere chanje plan vwayaj yo ak konpòtman yo jiskaske yo akouche si yo ta ale nan yon zòn kote virus Zika a popilè. **Gason kou fanm ki antre nan relasyon seksyèl** dwe sèvi avèk kapòt pou yo pa transmèt virus Zika a bay patnè yo.

Fanm ki gen pwojè pou vin ansent dwe evite relasyon seksyèl lè yo vwayaje nan zòn kote virus Zika a gaye. Yo ta dwe evite pou yo ansent oswa sèvi ak kapòt si patnè seksyèl yo a te vwayaje non yon zòn kote Zika gaye oswa si patnè yo wa te riske fè bagay san pwoteksyon ak yon moun ki déjà kontamine.

Jou ki te 1é dawout 2016, Sant pou kontwole Maladi nan peyi Etazini ki gen ti non jwèt li CDC te sòti yon kominike pou vwayajè kap ale Mayami ak nan vil ki pre l yo paske li te rapòte ka enfeksyon de maladi ke marengwen bay. Pou plis enfòmasyon ak yon list kominike pou vwayajè ale sou <http://www.cdc.gov/zika/geo/index.html>

Apa de fanm ansent ak sa ki gen pwojè vin ansent ak tout patnè seksyèl yo, pa gen rezon pou anile ni kan vakans ete, ni vwayaj misyonè, si yo pran prekosyon ki prevwa kont piki moustik.

Men kèk lòt kesyon moun mande

Eske virus Zika a fenk parèt? Kote yo jwenn li?

Se nan lane 1952 ke premye ka virus Zika yo te detekte nan peyi Ouganda ak nan peyi Tanzani. Jounen jodi a, nou jwenn virus la nan divès peyi toupatou sou latè. Virus la sanble li gaye pi plis

nan rejjyon twopikal Afrik yo, nan Sidès Lazi, nan zile Pasifik yo e tou dènyeman nan nò Amerik di Sid, Amerik Santral, nan Sid Amerik di Nò (Meksik, ak nan Sid Florida), ak kèk zile nan Karayib la. CDC gen yon kat jeyografi ki gen tout peyi Zika ap gaye yo sou sitwèb sa a: <http://www.cdc.gov/zika/geo/active-countries.html>

Kisa (ki Sentòm) moun ki enfekte yo santi?

Anviwon 80% moun ki enfekte ak Zika pa santi anyen. Pou rès yo (20%), yo pa gen gwo soufrans, jis yon ti lafyèv ak kò grata ki dire ant 7 a 10 jou. Kèk ra moun konn gen doulè nan jwenti, doulè nan mis yo, azoumounou je drandran, oswa tèt fè mal. Sant pou kontwòl maladi nan Etazini ke yo rele CDC ap envestige poukisa fanm ansent ki te gen virus Zika a fè timoun ki gen tèt yo ki piti (pa devlope). CDC ap chèche konnen tou ki relasyon Zika genyen ak moun ki soufri maladi Guillain-Barré yo malgre se yon ti pousantaj moun ki enfekte ak Zika ki devolpe maladi Guillain-Barré a.

Kijan Zika retransmèt?

Zika transmèt prensipalman lè moustik ki rele *Aedes aegypti* a enfekte ak virus la pike yon moun. Li transmèt tou nan relasyon seksyèl epi tou ant manman ak ti bebe ki nan vant yo. Etid ki fenk fèt yo montre ke fanm ki enfekte ka bay gason maladi a tou menm jan gason ki enfekte ka bay fi a virus la, gason ka bay gason li tou lè yo antre nan relasyon seksyèl. CDC fè konnen virus la ka viv pi lontan nan spèm gason plis pase anken lòt dlo ki sòti nan kò moun. Yon moun ka kontamine menm si li pa santi anyen.

Ki prekosyon moun ta dwe pran?

Moun ki ap vwayaje nan peyi kote Zika ap fè ravaj yo ta dwe swiv règleman ki ede moun evite trape maladi ke moustik transmèt yo tankou malarya ak lafyèv deng. Se pou moun sa yo mete pwodi ki repouse moustik sou po yo, mete chemiz manch long ak pantalon long, enstale moustikè sou kabann yo, enstale til nan fenèt ak nan pòt pou marengwen ak moustik pa antre, asire ke pa gen twou nan til yo. Moustik ki bay virus Zika a agresif anpil nan pike moun lajounen; yo pike moun lanwit tou. Malgre prekosyon nou pran lajounen yo ak moustikè yo enpòtan pou pwoteje tèt nou kont virus Zika men yo pa sifi pou bloke transmisyon virus la.

Pa bliye Zika transmèt nan relasyon seksyèl tou kidonk, pi bon prekosyon pou nou pa pran Zika nan fason sa se pou nou pa antre nan relasyon seksyèl, oswa pou toujou sèvi ak kapòt.

Men ki kote nou ka jwenn plis enfòmasyon sou sa:

<http://www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html>. Lòt enfòmasyon tou pibliye sou <http://www.cdc.gov/zika/index.html>

Poukisa ajans nouvèl Ameriken yo ap pale de Zika konsa a?

Genyen yon posiblite ke virus Zika a ka gaye nan zòn espesifik pandan vakans ete nan peyi Etazini – an menm tan l'ap gaye nan Amerik Latin ak Karayib yo. Men se pap yon epidemi (li pap gaye toupatou). Florida gen kèk zòn kote virus la ap gaye kòl menjan ak Tekzas epi Awayi dapre eksperyans ki fèt déjà ak Chikungunya ak lafyèv Deng. Pòtorico ak lòt teritwa Ameriken ki nan Karayib yo déjà konsidere kòm zòn kote Zika trè aktif. Gouvènman lokal kote sa yo déjà gen yon seri mezi yo mete an plas pou fè kanpay sou sa, pou elimine tout ma dlo oswa mete pwodi nan yo pou touye ze moustik yo epi veye kijan moustik yo deplase. Pou nou pale an jeneral, Etazini gen yon program solid pou kontwole moustik epi kijan sante popilasyon an ap evolye nan zòn ki gen risk yo. Nan peyi ak teritwa Karayib yo, nan Amerik Latin, yap rafrechi enfòmasyon sou kontwòl moustik ak mande moun pou fè atansyon.

Paske gen lòt maladi moustik transmèt nan peyi Etazini, tankou virus Nil Oksidental, nou dwe pwoteje tèt nou kont piki moustik (Kouvri po nou ak rad ak/oswa mete pwodi ki repouse moustik sou po nou, enstale til ak moustikè, pa kite ma dlo poze) mezi sa yo TOUJOU enpòtan lè nou konnen nou nan yon zòn riske.

Ki ministè ki dwe resevwa plis enfòmasyon sou virus Zika a?

Nan tout teritwa kote Legliz episkopal ye, ke se swa Etazini, Provens IX ak Ayiti, tout ministè ki travay ak moun ki nan pozisyon kote yo ka trape maladi a, dwe fè jefò pou fè enfòmasyon sou prevansyon yo mache de bouch a zorèy. Minsistè sa yo ta dwe fè plis fòmasyon pou montre moun kijan pou batay ak moustik epi bay kapòt gratis. Nan peyi Etazini, popilasyon ki frajil yo se moun ki travay tè yo, moun ki deplase zòn a zòn yo, ak moun ki vwayaje nan peyi kote Zika ap pwopaje yo, ak moun ki pa gen kote pou yo rete yo.

Si wou enterese patisce nan fòmasyon kont Zika ak lòt aktivite ou ta vle fè nan dyosèz ou tanpri kontakte Episcopal Relief & Development nan programs@episcopalrelief.org.

N'ap di moun say o mèsi:

- *Keith Adams (New Jersey)*
- *John D. Clements, PhD (Louisiana)*
- *James Cockey, MD (Easton)*
- *Mike Corey (Connecticut)*
- *Elizabeth Jordan, RN, PhD (Massachusetts)*
- *Tim Kingsley (Minnesota)*
- *The Rev. Karl Lusk (Kentucky)*
- *Tony Powell (Lexington)*
- *Dick Raub (Oregon)*
- *Ed Robertson (Central Pennsylvania)*
- *The Rev. Deacon Mike Sircy (Southwest Florida)*
- *Sharon Tillman (Maryland)*

Men kèk sit entènèt ki sòti nan CDC:

Enfòmasyon Jeneral:

<http://www.cdc.gov/zika/index.html>

Prevansyon Zika:

<http://www.cdc.gov/zika/prevention/index.html>

Pou moun kap vwayaje:

http://www.cdc.gov/chikungunya/pdfs/fs_mosquito_bite_prevention_travelers.pdf

Mezi pou kontwole moustik:

http://www.cdc.gov/chikungunya/pdfs/control_mosquitoes_chikv_denv_zika.pdf